| DOKUMEN MADRASAH | NAMA : |
|---|---|
| SANGAT RAHASIA | NOMOR ABSEN : |

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER GENAP**

**MADRASAH IBTIDAIYAH HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL**

**TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

| Mata Pelajaran : BAHASA JAWA | Hari /tanggal : |
|---|---|
| Kelas : V | Waktu : |

## I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, c atau d pada lembar jawaban yang benar!

1. Kang ora klebu jnise karangan yaiku …
   A. Narasi C. dheskripsi
   B. Ekstemporan D. persuasi
2. Salah sawijine teks kang isine nduweni ancas kanggo njlentrehake utawa menehi pangerten kanthi gaya panulisan kang singkat diarani wacan …
   A. Narasi C. eksposisi
   B. Dheskripsi D. persuasi
3. Ing ngisor iki titikane teks eksposisi kajaba …
   A. Arupa wacan informasi
   B. Ana gambar, tabel, utawa grafik kang gegayutan karo isine
   C. Nggunakake pranatan basa kang baku
   D. Teks eksposisi nduweni sifat subjektif
4. Jinis teks eksposisi kang dijlentrehake kanthi menehi katrangan utawa tegese babagan karakteristik utawa titikane yaiku …
   A. Eksposisi ilustrasi C. eksposisi proses
   B. Eksposisi definisi D. eksposisi perbandingan
5. Sajrone wacan eksposisi, bagean kang isine panemu panulis utawa wong liya tumrap topik kang lagi dicritakake sajrone wacan eksposisi yaiku …
   A. Tesis C. penegasan ulang
   B. Argumentasi D. kesimpulan
6. Salah sawijine manfaat perkembangan teknologi yaiku …
   A. Akeh Tindakan apus-apus
   B. Teknologi bisa ngupaya nambah produksi pangan
   C. Ningkatke pergaulan bebas para mudha-mudhi
   D. Nglengserake budaya asli Indonesia lan digenti karo budaya asing
7. Trap-trapane nulis wacan eksposisi kang kaping pisan yaiku …
   A. Gawe judul
   B. Nemtokake tema
   C. Gawe cengkorongan
   D. nglumpukne bahan

LIVEWORKSHEETS

8. supaya nggampangake anggone nulis wacan eksposisi, becik gawe … luwih dhisik

A. judul
B. cengkorongan
C. tema
D. dudutan

9. ing ngisor iki sing ora klebu struktur teks eksposisi yaiku …

A. tesis
B. argumentasi
C. ringkesan
D. penegasan ulang

10. jinis paragraph sing idhe pokok ana ing awal paragraph diarani paragrap …

A. deduktif
B. induktif
C. campuran
D. deduktif-induktif

11. nalika arep nemokake pokok pikiran saben paragrap kudu …

A. milih adhedhasar kasenengan
B. nyawisake kertas sak bolpene
C. mahami isi saka paragrap mau
D. takon kancane

12. Ing ngisor iki sing ora klebu medhiya sosial yaiku …

A. Tiktok
B. Mozila firefox
C. Instagram
D. whatsapp

13. Sawijine wujud kasusastraan jawa kang pinathok sarta pamacane kudu kathi cara dilagokake diarani …

A. Tembang campursari
B. Geguritan
C. tembang dolanan
D. tembang macapat

14. Tibaning swara utawa dhong dhing ing pungkasane gatra diarani …

A. Guru gatra
B. Guru wilangan
C. guru lagu
D. guru melodi

15. Cacahe gatra saben sapada di arani guru …

A. Lagu
B. Gatra
C. wilangan
D. sasmita

16. Bapak pocung mlungker-mlungker

Dudu kalung

Manggonmu neng tangan

Jarum mlaku rina wengi

Ngrembug wektu si pocung kagunan guna

Tembang pocung kasebut batangane yaiku …

A. Sepur
B. Jam tangan
C. gajah
D. ulo

17. Tembang pocung klebu jinise tembang …

A. Cilik
B. Gedhe
C. tengahan
D. macapat

18. Ing ngisor iki sing klebu jinis tembang macapat yaiku …

A. Karonsih
B. Juru demung
C. wulangreh
D. gambuh

LIVEWORKSHEETS

19. Ing ngisor iki sing ora klebu paugerane tembang macapat yaiku …

A. Guru lagu
B. Guru sastra
C. guru gatra
D. guru wilangan

20. Aja nganti kabanjur

Barang polah ingkang nora jujur

Yen kebanjur sayekti kojur tan becik

Becik ngupaya iku

Pitutur ingkang sayektos

Guru wilangan lan guru gatra katelu yaiku …

A. 8u
B. 12 i
C. 10 u
D. 7 u

21. Jenenge tembang kang cakepane kaya ing dhuwur yaiku …

A. Pangkur
B. Durma
C. maskumambang
D. gambuh

22. Sing klebu sasmitane tembang kinanthi yaiku …

A. Mungkur
B. Sinom
C. kanthi
D. wijil

23. Nalika nembangake macapat iku ana bab kang kudu dimangerteni yaiku …

A. Guru gatra tembang macapat
B. Cacahe tembang macapat
C. Tetembungan lan basa kawi
D. Sasmitane tembang macapat

24. Watake tembang kinanthi yaiku …

A. Prihatin
B. Tresna asih
C. lucu
D. wibawa

25. Bagean akhir sajrone teks eksposisi kang ngemot penguatan sajrone panemu sing wis diandharake andhedhasar fakta sajrone bagean argumentasi diarani …

A. Pernyataan pendapat (tesis)
B. Argumentasi
C. fakta
D. penegasan ulang

Dadi murid prayoga tansah mituhu

Dhawuhing wong tuwa

Marang guru aja wani

Kekarone nuntun sira urip mulya

26. Tembang ing dhuwur iku tembang …

A. Pangkur
B. Pocung
C. sinom
D. asmaradana

27. Cacahe gatra tembang kasebut yaiku …

A. Lima
B. Papat
C. telu
D. loro

LIVEWORKSHEETS

28. Kekarone nuntun sira urip mulya.

Tembung sira padha tegese karo …

A. Aku

B. Kawula

C. kowe

D. dheweke

Pundi ta wajibe ibu
Kang abot ngungkuli bumi
Nenggih wiwit ngandhut putra
Sangang candra dasa ari
Manjing tapa ulah brata
Anggung meleng ing pangesthi

29. Watake tembang ing dhuwur yaiku …

A. Sembrana

B. Seneng, tresna asih

C. lucu

D. sereng

30. Guru lagu lan guru wilangan tembang kasebut yaiku …

A. 8u, 8i, 8a, 8i, 8i, 8i

B. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

C. 8u, 8a, 8a, 8i, 8i, 8i

D. 8u, 8u, 8a, 8i, 8i, 8u

LIVEWORKSHEETS